

**PANGANGGENING *DEIKSIS* PAPAN WONTEN ING
KUMPULAN CERKAK GODHONG SURUH TEMU ROSE
ANGGITANIPUN SUGITO HS**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Sarat Pikantuk
Gelar Sarjana Pendidikan




Dening:
Imam Maskur Rahmat
10205244010

Yogyakarta, 11 Januari 2018
Pembimbing,


Avi Meilawati, S.Pd,M.A.
NIP 19830502 200912 2 003

Yogyakarta, 15 Januari 2018
Ketua Jurusan,


Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP 19640403 199001 1 004

**PRODI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

PANGANGGENING DEIKSIS PAPAN WONTEN ING KUMPULAN CERKAK GODHONG SURUH TEMU ROSE ANGGITANIPUN SUGITO HS

PLACE DEIXIS ON SHORT STORY COLLECTIONS GODHONG SURUH TEMU ROSE CREATED BY SUGITO HS

Dening: Imam Maskur Rahmat, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. mamkoer@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken Panganggening Deiksis Papan Wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS. Panaliten menika ngandharaken wujud saking deiksis papan, jinising deiksis papan, saha teges saking deiksis papan. Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Data ing panaliten awujud tembung lan frasa. Sumber data panaliten menika saking Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS, ingkang isinipun wonten 155 kaca lan wonten 19 irah-irahan. Caranipun ngempalaken data inggih menika ngginakaken cara maos saha nyerat. Data ingkang sampun dipunkempalaken dipunanalisis kanthi deskriptif. Kangge manggihaken validitas data inggih menika ngginaaken uji validitas saha uji reliabilitas. Asiling panaliten menika ngandharaken wujud deiksis papan, jinising deiksis papan, saha teges saking deiksis papan. Wujud deiksis papan wonten ing panaliten menika awujud tembung monomorfemis kadosta: iki/ kuwi/ kae/ kene/ kono/ kana, lan awujud frase endosentrik. Jinising deiksis papan ingkang dipunpanggihaken inggih menika kelompok 'iki' lan kelompok 'kene'. Jinising deiksis papan nggadhahi ancas kagem nuduhaken katrangan papan, awit ingkang awujud papan panggenan punapa tembung aran ingkang dipunanggep nggadhahi jarak saking panutur punapa mitra tutur. Teges saking deiksis papan ingkang dipunpanggihaken inggih menika caket saking panutur (iki/ kene), radi caket saking panutur (kuwi/ kono), lan tebih saking panutur (kae/ kana).

Kata Kunci: Pragmatik, Deiksis Papan, Cerkak, Godhong Suruh Temu Rose.

Abstact

The purpose of this research is to find the place deixis on short story collection Godhong Suruh Temu Rose created by Sugito HS. In this research describe about place deixis form, place deixis type, and meaning of place deixis. The type of research conducted is descriptive research. Data in this research is words and phrase. The source of this research data is short story collection Godhong Suruh Temu Rose created by Sugito HS, which contained 155 page and 19 short story titles. How to collect data that is with reading and writing techniques. How to analyze data in this research is by collecting text of speech, read carefully, recorded, identified, and then analyzed. The results showed about place deixis form, place deixis type, and meaning of place deixis. Place deixis on this research found monomorfemic words like: iki/kuwi/kae/kene/kono/kana, and endocentricphrase. Place deixis type in this research found 'iki' groups and 'kene' groups. Type deiksis place to show the distance between speakers with partners said, as well as speakers with an object. The meaning of the deixis place is close to the speaker (iki/kene), rather far away with the speaker(kuwi/kono), and away with the speaker(kae/kana).

Keyword: Pragmatic, Place Deixis, Short Story, Godhong Suruh Temu Rose.

A. PURWAKA

Basa minangka alat kagem komunikasi sosial ing pagesangan. Komunikasi ing salebeting pagesangan nggadhahi ancas saha teges antawisipun panutur saha mitra tutur. Pragmatik minangka ngelmu ingkang nyinau

babagan teges ingkang dipunkajengaken dening panutur ingkang kedah dipunsinaoni. Objek ingkang dipundadosaken kajian wonten ing ngelmu pragmatik saged awujud guneman ing pagesangan ingkang awujud tuturan saha wonten ing salah satunggaling karya sastra.

Wonten ing panaliten menika nliti wonten ing salebeting karya sastra minangka sarana kagem *komunikasi* wonten ing pagesangan saha minangka wujud *objek* ngelmu pragmatik.

Pragmatik wonten ing salebeting karya sastra ingkang dipunkaji isinipun kathah mawarni-warni wujud saking basa. Wonten ing pragmatik ingkang dados kajian ing salebeting karya sastra antawisipun *implikatur*, *inferensi*, *tindak tutur*, *deiksis*, lan sapanunggalanipun. Wujud saking basa pragmatik menika dipunlebetaken wonten ing salebeting karya sastra mesthi nggadhahi ancas, teges, saha fungsi ingkang badhe dipunaturaken dening pamaos

Cerkak minangka salah satunggaling karya sastra ingkang wosipun ngandharaken cariyos ing pagesangan dhateng para pamaos ingkang wujudipun cekak. Cariyos ingkang dipunandharaken dening panganggit menika saged awujud maneka warna gumantung kaliyan tema wosipun cariyos ingkang badhe kaandharaken. Pagesangan ingkang wonten ing salebeting karya sastra menika sami kaliyan pagesangan ingkang wonten ing sejatosipun, sinaosa karya sastra menika wujud *refleksi* utawi nggambaraken kadadean kasunyatan ingkang wonten ing pagesangan utawi *ralita sosial*. Panganggening *deiksis* wonten ing salebeting cerkak ingkang kathah anggenipun ngandharaken ngginaaken *deiksis*, awit saking *deiksis persona* utawi paraga, *deiksis* wekdal, saha *deiksis* papan.

Panaliten wonten ing *deiksis* menika utamanipun *deiksis* papan wonten ing basa jawi kedah dipunwontenaken amargi taksih kirang

panaliten ingkang naliti babagan *deiksis* papan basa jawi. *Deiksis* papan gayut kaliyan panganggening wujud tembung kangge papan panggenan utawi *lokasi* utawi *ruang* ingkang dipuntingali saking paraga wonten ing salah satunggaling pirembagan. Panganggening tembung papan ingkang gayut kaliyan perkawis “panggenan” saking kadadosan ingkang dipuncariyosaken wonten ing kumpulan cerkak. Salah satunggaling kumpulan cerkak ingkang ngemu babagan *deiksis* papan inggih menika kumpulan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS.

Wosing perkawis ing panaliten menika inggih menika: (1) Kados pundi wujud *deiksis* papan ing kumpulan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS?, (2) Punapa kemawon jinising *deiksis* papan wonten ing kumpulan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS?, (3) Punapa teges *deiksis* papan wonten ing kumpulan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS?

B. GEGARAN TEORI

Gegaran teori ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika antawisipun teori-teori pragmatik, *deiksis*, wujud *deiksis* papan, jinising *deiksis* papan, teges *deiksis* papan, konteks basa, lan cerkak. Charles Morris (wonten ing Rahardi 2005: 47) ngandharaken bilih ngelmu babagan pralambang basa dipunperang dados tiga, inggih menika (1) *Sintaksis* “nyinau babagan gegayutaning pralambang” (2) *Semantik* “ngelmu ingkang nyinau babagan gagayutaning pralambang

kaliyan *objek*” (3) *Pragmatik* “ngelmu ingkang nyinau babagan gagayutaning pralambang kaliyan tafsiran, wiwit saking *linguistik* ingkang nyinau babagan asal-usuling basa manungsa ing padintenan saged dipunperang wonten ing ngelmu *linguistik*. Ngelmu *linguistik* saged dipunperang kadosta: (1)*fonologi*, (2)*morfologi*, (3)*sintaksis*, (4)*semantik*, lan (5)*pragmatik*. *Pragmatik* menika salah satunggaling ngelmu basa ingkang taksih enggal lan dados urutan ingkang pungkasan.

Deiksis wonten tiga wujudipun, inggih menika *deiksis persona* (panutur), *deiksis ruang/papan* (papan ingkang dipunkajengaken panutur), *deiksis wektu* (wekdal ingkang dipunkajengaken panutur). Miturut Rahyono (2002: 2) *deiksis* dipunperang dados tiga inggih menika *deiksis persona*, *deiksis wekdal*, *deiksis papan*. *Deiksis* wonten ing basa jawi dipunsebat tembung sesulih.

Deiksis papan inggih menika panganggening tembung ingkang wujudipun nggadhahi rujukan ing papan panggenan ingkang dipuntingali saking paraga. *Deiksis* papan inggih menika tembung utawi *frase* ingkang nggadhahi fungsi kangge tembung sesulih panuduh, yaiku tembung utawi *frase* ingkang nuduhaken papan panggenan ingkang dipunkajengaken dening panutur. Nababan (1987: 41) ngandharaken bilih *deiksis* papan wonten ing sedaya basa kalebet saking basa jawi lan basa Indonesia ingkang mbedaaken antawisipun papan ingkang caket kaliyan panutur “ing kene” lan ingkang radi caket kaliyan panutur “ing kono”.

Tembung minangka wujud basa ingkang paling alit wujudipun saged saking *morfem tunggal* punapa saged saking *morfem gabungan*. Wonten ing tataran *morfologi*, tembung minangka wujud paling alit, ananging wonten ing tataran *morfem*, tembung menika wujud ingkang paling ageng. Menawi wonten ing *siktaksis*, tembung minangka wujud paling alit, lan paling ageng inggih menika wacana. Awit saking unsur ing sajroning tembung, wujud saking *deiksis* papan saged dipunperang dados kalih, inggih menika *monomorfemis* lan *polimorfemis*.

Mulyana (2007: 35) ngandharaken *frase* inggih menika *konstruksi* gramatikal ingkang dipundamel saking gabungan kalih ukara utawi langkung ingkang asipat boten predikatif. Nurhayati dan Siti (2006: 153) ngandharaken bilih ingkang dipunsebat *frase* inggih menika wujud *satuan linguistic* ingkang isinipun gabungan saking kalih tembung utawi langkung lan ngisi salah satunggaling fungsi *sintaksis*. Awit saking andharan ing inggil kala wau bilih ingkang dipunsebat *frase* menika nggadhahi tigang sifat, inggih menika: 1) *frase* nggadhahi *satuan* gramatik ingkang kasusun saking kalih tembung utawi langkung, 2) *frase* menika wonten ing antarane tembung lan *klausa*, utawi tataranipun ing sandhuwuring tembung lan sangandhaping *klausa*, lan 3) *frase* menika satuan ingkang mboten ngluwihi setunggal fungsi, awit menika wonten ing jejer, wasesa, lesan, utawi wonten ing katrangan. Tuladha *deiksis* papan ingkang kalebet *frase* inggih menika: ‘omah kana’, ‘kampus kene’. Awit saking strukturipun, *frase* dipunperang dados

kalih inggih menika *frase endosentrik* lan *frase eksosentrik*.

(Rahyono, 2002: 53) *Deiksis ruang* (papan) saged dipunperang dados kalih inggih menika klompok ‘iki’ lan klompok ‘kene’. Tembung ‘iki’ mboten namung nuduhaken babagan ingkang panggenanipun caket, ananging ugi kangge nuduhaken aran ingkang dipundadosaken rembugan. Tegesipun tembung ing kelompok ‘kene’ inggih menika bilih panutur wonten ing papan panggenan menika. Tembung ‘kene’ nuduhaken bilih papan ingkang dipunkajengan caket kaliyan panutur, tembung ‘kono’ nuduhaken bilih papan ingkang dipunkajengaken menika radi tebih (radi caket) kaliyan panutur, lan ‘kana’ utawi ‘ngrika’ nuduhaken bilih papan ingkang dipunkajengaken menika tebih saking panutur. Rahyono (2002:54) paring tuladha *deiksis* papan ing basa jawi wonten ing klompok ‘iki’.

Kridalaksana (2001: 132) ngandharaken bilih ingkang dipunsebat teges inggih menika: 1. Maksud ingkang dipunkajengaken dening panutur, 2. Salah satunggaling *satuan* basa ingkang nggadhahi pangertosan utawa *persepsi* wonten ing salah satunggaling kelompok manungsa, 3. Wontening urutan teges antawisipun *kesepadanan* lan *ketidaksepadanan* saking sanesipun tuturan, utawi antawisipun tuturan kaliyan ingkang dipunkajengaken, 4. Cara panganggening *lambang-lambang* ing salebeting basa. Rahyono (2002:75) ngandharaken miturut *deiksis pronominal demonsatrative* wonten ing basa jawi dipunperang dados tiga, inggih menika nuduhaken *objek* ingkang caket, radi tebih (radi

caket), lan tebih. Kangge ngukur tebih punapa caket menika gumantung saking *konteks* ingkang dipunandharaken dening panutur.

Cariyos cekak asring dipunsebat kanthi cekakan cerkak mujudaken satunggaling karya sastra modern arupi gancaran ingkang nyariyosaken sawijining paraga (*tokoh*) wonten saperangan gesanganipun. Cariyos menika dipunsebat cariyos cekak awit cariyosipun saking 10.000 tembung saha namung nyariyosaken sawijining paraga salebeting kahanan utawi wekdal tartamtu. alur cariyosipun.

C. CARA PANALITEN

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*, panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ngandharaken sedya kasunyatan ingkang dados asiling panaliten, kasunyatan menika dipunandharaken sami kados dene menapa ingkang wonten ing panaliten menika, saha boten wonten ewah-ewahanipun. Saking andharan menika bilih panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang nggadhahi ancas ngandharaken sedaya kahanan utawi kadadean saking wujudipun *deiksis* papan, jinising *deiksis* papan, lan makna *deiksis* papan. Inggih dados sumbering panaliten menika saking sumber tertulis ingkang awujud Kumpulan Cerkak *Godhong Suruh Temu Rose* Anggitanipun Sugito HS, ingkang isinipun wonten 155 kaca lan wonten 19 irah-irahan cerkak. Cara anggenipun ngesahaken wonten ing panaliten menika ngginaaken data kanthi ngginaaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. Uji *validitas* ingkang dipunginaaken

wonten ing panaliten menika ngagem validitas semantik, ingkang tegesipun ningali teges ingkang jumbuh kaliyan *konteksipun*. *Validitas semantik*, ingkang dipunkajengaken menika wonten ing data-data ingkang awujud *deiksis* papan lan jinising *deiksis* papan diparingi makna miturut *konteksipun*. data ingkang awujud *deiksis* papan wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose ingkang nggadhahi teges miturut maknaipun.

D. ASILING PANALITEN

Wonten ing perangan menika ngemot babagan asiling panaliten inggih menika wujud, tembung utawa *frase* ingkang wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose. Saking wujud *deiksis* papan ingkang sampun dipunpanggihaken menika banjur dipunrembag *jenis* saha *makna* saking ningali *kontek* papan ingkang dipunandharaken wonten ing novel.

Saking panaliten menika wonten tembung ingkang ngginaaken wujud *deiksis* papan, jinising *deiksis* papan, saha teges saking *deiksis* papan ingkang wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS. Data ingkang dipunginaaken wonten ing panaliten menika dipunwatesi namung wonten ing wujud *deiksis* papan, jinising *deiksis* papan, saha teges *deiksis* papan saking aspek basa ingkang awujud pragmatik.

Wonten ing panaliten menika dipunperang dados tigang kelompok inggih menika wujud saking *deiksis*, jinising *deiksis*, saha teges saking *deiksis* papan wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose.

Data ingkang ngemot babagan tembung, frasa, lan makna saking *deiksis* asiling panaliten menika lajeng dipunperang supadong gampil dipunanalisis. Data asiling panaliten menika lajeng dipunlebetaken wonten ing *tabel* analisis. Wujud saking asiling panaliten menika ngemot babagan jenis *deiksis*, teges *deiksis*, saha *indikator* saking data menika.

Adhedhasar panaliten menika, saged dipunpendhet dudutan bilih wujud *deiksis* ingkang dipunginaaken wonten Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS inggih menika wujudipun tembung *monomorfemis* saha *frase endosentrik*. Tembung ingkang dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS awujud tembung *monomorfemis* inggih menika iki, kuwi, kae, kene, kono, kana. Wujud tembung ‘ngrika’ lan ‘ngriku’ boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS. Sanesipun awujud tembung ugi kapanggihaken ingkang awujud *frase*. *Frase* ingkang dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS menika awujud *frase endosentrik*. Panganggening *frase* ingkang dipunpanggihaken saking tembung-tembung iki, kuwi, kae, kene, kono, kana. Panganggening wujud *frase* ingkang saking tembung ‘ngriku’ lan ‘ngrika’ boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS.

Wujud saking *deiksis* papan ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika

wonten kalih, inggih menika tembung saha frase. Tembung ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika awujud monomorfemis lan frase ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika awujud frase endosentrik. Jinising deiksis papan ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika saged dipunperang dadis kalih inggih menika kelompok ‘iki’ lan kelompok ‘kene’.

Jinising *deiksis* papan wonten ing panaliten menika saged dipunperang dados kalih, inggih menika kelompok ‘iki’ lan kelompok ‘kene’. Jinising *deiksis* papan ingkang kalebet kelompok ‘iki’ taksih kaperang dados tiga inggih menika tembung iki, kuwi, kae. Wonten ing kelompok ‘iki’ boten namung nuduhaken papan panggenan saking panutur, ananging ugi saged nuduhaken papan panggenan salah satunggaling tembung aran lan tiyang. Jinising *deiksis* papan ingkang kalebet kelompok ‘kene’ taksih kaperang dados tiga inggih menika tembung kene, kono, kana. Wonten ing kelompok ‘kene’ namung nuduhaken papan panggenan ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Teges saking *deiksis* papan menika saged dipunperang dados tiga. Inggih menika: 1) caket saking panutur (iki/kene), 2) radi caket saking panutur nanging caket saking mitra tutur (kuwi/kono), 3) tebih saking panutur saha mitra tutur (kae/kana). Panganggening tembung ngriku lan ngrika boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS. Teges

saking *deiksis* papan menika nggadhahi pathokan saking *konteks* ukaranipun.

Teges saking *deiksis* papan ingkang caket kaliyan panutur ing tembung ‘iki’ inggih menika: (1) Teges deiksis papan ingkang caket kaliyan panutur tembung ‘iki’ inggih menika nuduhaken salah satunggaling objek, awit wonten ing papan utawi wekdal ingkang dipunanggep caket kaliyan panutur nalika ngandharaken tuturan. (2) Teges saking *deiksis* papan ingkang caket kaliyan panutur ing tembung ‘iki’ nuduhaken caketing antawisipun *objek* saha panutur boten dipuntemtokaken saking *jarak* papan menika, ananging saking *konteks* ing tuturan menika. Teges saking deiksis ing ukara menika nuduhaken caketing objek kaliyan panutur boten dipuntemtokaken saking jarak ananging saking konteks ing uturan menika. Panutur inggih menika Mas Suprapti nyariosaken dhateng Komarudin bilih sampun rekasa nalika gawe maju desane ingkang dipunsebataken ing tembung ‘iki’, ananging kedadean menika panutur anggenipun ngandharaken tuturanipun nembe wonten ing papan sanesipun. Teges saking deiksis papan caket kaliyan panutur ing tembung ‘iki’ ugi saged kangge nuduhaken panutur menika piyambak.

Teges saking deiksis papan ingkang radi caket saking panutur ing tembung ‘kuwi’ inggih menika nuduhaken objek ingkang awit saking papan lan wekdal dipunanggep radi caket kaliyan panutur nalika tuturan. Awit saking tembung ‘kuwi’ nuduhaken radi caket saking panutur, tembung ‘kuwi’ boten saged dipunginaaken kangge nuduhaken panutur utawi

papanipun panutur. Teges saking *deiksis* papan ingkang radi caket saking panutur tembung ‘kuwi’ saged nuduhaken *objek* utawa papan ingkang wonten ing caketipun mitra tutur, utawa nuduhaken mitra tutur menika piyambak.

Teges deiksis papan ingkang tebih saking panutur ing tembung ‘kae’ inggih menika nuduhaken objek ingkang dipunanggep papanipun tebih saking panutur saha mitra tutur nalika ngandharaken tuturan. Teges saking deiksis papan caket kaliyan panutur ing tembung ‘kene’ inggih menika papan anggenipun panutur ngandharaken tuturanipun lan panutur wonten ing papan menika. Papan panggenan anggenipun panutur ngandharaken tuturan inggih menika panutur wonten ing papan menika ingkang dipuntuduhaken kanthi tembung ‘kene’ wonten ing kontek tuturanipun. Papan panggenan saged awujud papan pilenggahan, dalemipun panutur, kutha panutur utawi sedaya ingkang wonten ing panutur nalika ngandharaken tuturan.

Teges radi caket saking panutur ing tembung ‘kono’ inggih menika papan panggenan nalika ngandharaken tuturan panutur boten wonten ing papan menika. Teges deiksis ingkang radi caket saking panutur ing tembung ‘kono’ ugi saged nuduhaken papan panggenanipun mitra tutur wonten ing papan ingkang dipunkajengaken tembung deiksis menika, utawi tembung menika nuduhaken papanipun mitra tutur.

Teges deiksis papan ingkang tebih saking panutur tembung ‘kana’ inggih menika nuduhaken bilih panutur saha mitra tutur boten wonten ing papan menika, lan dipunanggep

papan ingkang dipunkajengaken tebih saking panutur saha mitra tutur.

Panganggening *deiksis* papan wonten ing kumpulan cerkak menika nggadahi ancas ingkang mawarni-warni miturut saking *konteks* ingkang wonten ing cariyos menika. Perkawis ingkang gayut kaliyan teges saking *deiksis* menika gumantung saking papan panutur anggenipun ngandharaken tuturan, papanipun mitra tutur, saha *objek* ingkang dipunkajengaken wonten ing tuturan menika.

E. DUDUTAN

Adhedhasar *tabel* wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih wujud *deiksis* ingkang dipunginaaken wonten Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS inggih menika wujudipun tembung *monomorfemis* saha *frase endosentrik*. Tembung ingkang dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS awujud tembung *monomorfemis* inggih menika iki, kuwi, kae, kene, kono, kana. Wujud tembung ‘ngrika’ lan ‘ngriku’ boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS. Sanesipun awujud tembung ugi kapanggihaken ingkang awujud *frase*. *Frase* ingkang dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS menika awujud *frase endosentrik*. Panganggening *frase* ingkang dipunpanggihaken saking tembung-tembung iki, kuwi, kae, kene, kono, kana. Panganggening wujud *frase* ingkang saking tembung ‘ngriku’

lan ‘ngrika’ boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS.

Jinising *deiksis* papan wonten ing tabel menika saged dipunperang dados kalih, inggih menika kelompok ‘iki’ lan kelompok ‘kene’. Jinising *deiksis* papan ingkang kalebet kelompok ‘iki’ taksih kaperang dados tiga inggih menika tembung iki, kuwi, kae. Wonten ing kelompok ‘iki’ boten namung nuduhaken papan panggenan saking panutur, ananging ugi saged nuduhaken papan panggenan salah satunggaling tembung aran lan tiyang. Jinising *deiksis* papan ingkang kalebet kelompok ‘kene’ taksih kaperang dados tiga inggih menika tembung kene, kono, kana. Wonten ing kelompok ‘kene’ namung nuduhaken papan panggenan ingkang dipunkajengaken dening panutur.

Teges saking *deiksis* papan wonten ing tabel menika saged idpunperang dados tiga. Inggih menika: 1) caket saking panutur (iki/kene), 2) radi caket saking panutur nanging caket saking mitra tutur (kuwi/kono), 3) tebih saking panutur saha mitra tutur (kae/kana). Panganggening tembung ngriku lan ngrika boten dipunpanggihaken wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito HS. Teges saking *deiksis* papan menika nggadhahi pathokan saking *konteks* ukaranipun.

Panganggening *deiksis* papan wonten ing kumpulan cerkak menika nggadhahi ancas ingkang mawarni-warni miturut saking *konteks* ingkang wonten ing cariyos menika. Perkawis ingkang gayut kaliyan teges saking *deiksis*

menika gumantung saking papan panutur anggenipun ngandharaken tuturan, papanipun mitra tutur, saha *objek* ingkang dipunkajengaken wonten ing tuturan menika.

Panaliten menika ngrembag babagan *deiksis* wonten ing Kumpulan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito HS. Asiling panaliten menika kapanggihaken pinten-pinten wujudipun *deiksis*, Jinising *deiksis*, saha teges saking *deiksis* menika. Pangertosan babagan *deiksis* menika saged nambah wawasan khususipun dhumaten panyerat saha para pamaos (guru basa jawa lan mahasiswa) kangge ngginaaken basa ingkang sae. *Deiksis* ugi saged dipunginaaken wonten ing materi pasinaon basa jawa wonten ing sekolah utawi pasinaon mahasiswa.

F. KAPUSTAKAAN

Andari, Yufita Lia. *Penggunaan Deiksis Waktu dalam Novel Astirin Mbalela*. Skripsi S1. Yogyakarta. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Fitawati, Dhian. *Deiksis Persona Dalam Cerita Rakyat Pecut Mahesa Racut sebuah kajian Pragmatik*. Skripsi S1. Yogyakarta. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Kridalaksana, H. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Leech, G. N. (1983). *Prinsip-Prinsip Pragmatik* (terjemahan Oka). Jakarta: Universitas Indonesia.

Mulyana. 2007. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik, Teori dan Penerapannya*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Tinggi.
- Nadar. F.X. 2009. *Pragmatic & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Nurgiyantoro, Burhan. (2009). *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurhayati, Endang dan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. "*Baoesastra Djawa*". Batavia : J. B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V. Groningen.
- Purwo, B.K. 1984. *Deiksis Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rahyono, F.X. 2002. *Ekspresi Deiksis Bahasa Jawa*. Depok. FIB: UI.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrak Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Sudaryanto. 1983. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa (pengantar pendidikan wahana kebudayaan secara linguistik)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugito, H. S. 2011. *Godhong Suruh Temu Rose*. Yogyakarta; Garudhawaca
- Wijana, I. D. P. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta; Andi.